

5 oktòb

(Pyè di Jezi :) Menm si yo tout ta chite, se pa mwen menm !

Epi, Jezi di li : Franchman, m ap di w sa : jodi a, nwit sa a, anvan kòk la chante de fwa, ou menm, w ap nye mwen twa fwa. Mak 14. 29, 30

Twò kwè nan tèt li

Nan Jerizalèm, li lannwit. Senyè Jezi ale ak disip li yo sou mòn olivye. Talè konsa yo pral arete l, li va konnen yon jijman pèsonn pa janm konnen, yo va kondane l epi kri-sifye l. Nan wout la, li anonse yo sa ke li pral pase nan lè k ap vini yo : “Nou tout va chite”. Men Pyè te di li pa dakò. Nan reyaksyon li a nou ka note kat pwèn kote li gen tò, e ki ka konsène nou tou :

– Li pa kwè pawòl Senyè a. Jezi te di ke tout disip li yo va chite. Men Pyè reponn : “Se pa mwen menm”.

– Li kwè nan tèt li twòp : li renmen Senyè a, men afeksyon li a ki manke imilite pa gen fòs.

– Li panse ke li pi fidèl pase lòt disip yo. Li panse ke li “kanpe” e se sa k fè li pral fè yon move eksperyans kote li kapab “tonbe” (Gade 1 Korentyen 10. 12).

– Li pa menm konsidere avètisman Mèt li a : “Jodi a, nwit sa a, anvan kòk la chante de fwa, ou menm w ap nye mwen twa fwa”. Malgre pawòl klè sa yo, li di pi rèd kòman li devwe plis toujou.

Nou ka jwenn nou nan istwa Pyè a, e nou kapab jwenn yon avètisman pou nou. Ann koute ak imilite sa ke Senyè a di nou nan pawòl li : pa gras li, na sove anba yon chit ki rèd anpil.

5 octobre

(Pierre dit à Jésus :) Même si tous étaient scandalisés, je ne le serai pas, moi.

Jésus lui dit alors : En vérité, je te dis qu'aujourd'hui, cette nuit-ci, avant que le coq ait chanté deux fois, toi, tu me renieras trois fois. Marc 14. 29, 30

Trop sûr de lui

C'est le soir, à Jérusalem. Le Seigneur Jésus se rend avec ses disciples au mont des Oliviers. Il va bientôt être arrêté, subir un procès inique, être condamné puis crucifié. En chemin, il leur annonce ce qu'ils vont vivre dans les prochaines heures : "Vous serez tous scandalisés". Mais Pierre exprime son désaccord. Dans sa réaction, on peut noter quatre points où il est en faute, et qui peuvent nous concerner également :

– Il ne croit pas les paroles du Seigneur. Jésus avait dit que tous les disciples seraient scandalisés. Toutefois Pierre répond : "Pas moi".

– Il a une fausse estimation de lui-même : il aime le Seigneur, mais son affection qui manque d'humilité n'a pas de puissance.

– Il se croit plus fidèle que les autres disciples. Il pense "être debout" et il va faire la douloureuse expérience qu'il peut "tomber" (voir 1 Corinthiens 10. 12).

– Il ne tient pas compte de l'avertissement de son Maître : "Aujourd'hui, cette nuit-ci, avant que le coq ait chanté deux fois, toi, tu me renieras trois fois". Malgré ces paroles précises, il affirme son dévouement encore plus passionnément.

Nous pouvons nous reconnaître dans l'histoire de Pierre, et y trouver un avertissement pour nous. Écoutons humblement ce que le Seigneur nous dit par sa Parole : nous serons, par sa grâce, préservés d'une chute fâcheuse et douloureuse.